

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Pupujian mangrupa salasahiji karya sastra Sunda nu ngandung ajén-inajén, sarta miboga wirahma-wirahma nu tangtu pikeun nimbulkeun ayana éksprési rasa ti nu maca kana eusi nu aya dina pupujian. Pupujian mangrupa salasahiji karya sastra Sunda nu geus kaitung langka dihaleuangkeun, tapi di salasahiji wewengkon Ciamis di Désa Tigahérang masih kénéh kaitung hirup. Ieu panalungtikan ngagunakeun métode kualitatif étnografi. Tina hasil panalungtikan, kapanggih 78 pupujian. Ieu panalungtikan miboga udagan pikeun invéntarisir, klasifikasi, jeung nganalisis wangun jeung eusi puisi pupujian. Ku kituna, dianalisis wangun jeung eusi pupujian dumasar kana tiori *Roman Ingarden* anu ngawengku: (1) lapis sora; (2) lapis ma'na; (3) lapis objék; (4) lapis dunya, jeung (5) lapis métafisik sarta nyoko kana tiori klasifikasi pupujian dumasar sawangan Yus Rusyana.

Tina 78 pupujian bisa diklasifikasikeun dumasar kana wangun, eusi, jeung basa nu digunakeun. Dumasar kana wangunna, tina 78 pupujian kapanggih ngan saukur opat wangun, nya éta wangun sa'ir, kantétan dua, kantétan opat, jeung kantétan robah. Anu wangunna sa'ir aya 29 pupujian, wangunna kantétan dua 31 pupujian, wangunna kantétan opat aya 11 pupujian, jeung nu wangunna kantétan robah aya tujuh pupujian. Dumasar kana eusi nu dicaritakeun kapanggih aya hiji pupujian muji kaagungan Allah, tilu pupujian Solawat ka Rosululloh, genep pupujian ngeunaan du'a jeung tobat ka Allah, dua pupujian neda safaat ka Rosululloh, genep pupujian ngeunaan pépéling ka umat, jeung 60 pupujian ngeunaan pangajaran kaagamaan. Dumasar kana basa anu digunakeun dina pupujian, basa anu digunakeun nya éta basa Sunda jeung basa campuran. Anu sagemblengna basa Sunda aya 58 pupujian, sedengkeun basa campuran Sunda-Arab aya 15 pupujian. Basa Sunda-Jawa aya hiji pupujian, jeung nu ngagunakeun basa Sunda-Indonésia aya opat pupujian.

Wangun jeung eusi anu dianalisis mangrupa lima lapis nurutkeun Roman Ingarden. Dina lapis sora dianalisis jumlah engang, jumlah pada, jeung jumlah

padalisan sarta purwakanti. Tina 20 pupujian nu kapanggih pangsaeutikna jumlah pada dina hiji pupujian nya éta 3 pada, panglobana diwangun ku 17 pada. Jumlah engang dina sapadalisan panglobana diwangun ku dalapan engang, tapi aya ogé nu diwangun ku 6 nepi ka 14 engang, sedengkeun jumlah padalisan rata-rata diwangun ku dua nepi ka opat padalisan. Hasil analisis ngeunaan purwakanti jumlahna 79 dina 8 jenis purwakanti, nya éta 20 runtuyan pungkas, 20 maduswara, 20 mindoan-wekas, 5 larasmadya, 3 laraspurwa, 3 mindoan kawit, 5 pangluyu, jeung 3 laraswekas. Dina lapis ma'na dianalisis ngeunaan diksi, harti dénotasi jeung konotasi, jeung gaya basa. Dina diksi nu ngalaman kasalahan (*penyimpangan*) basa, jumlahna dua kasalahan basa nya éta kasalahan grafologis jeung kasalahan sintaksis kapaluruh dina genep pupujian. Dina harti dénotasi dipaluruh judul pupujian dumasar kana harti kamusna. Harti konotasi dipaluruh dumasar asosiasi jeung imajinasi anu aya dina téks pupujian. Gaya basa nu dianalisis jumlahna 25, diwangun ku lima jenis gaya basa, nya éta 14 rarahulan, tujuh ngupamakeun, dua mijalma, hiji ocon, jeung hiji lalandian. Dina lapis objék dianalisis ngeunaan objék-objék nu dicaritakeun, latar, jeung palaku anu aya dina téks pupujian. Dina lapis dunya dianalisis aspék luar jeung aspék jero. Aspek luar mangrupa téks pupujian, sedengkeun aspék jero mangrupa ma'na nu nyamuni dina téks pupujian. Tina hasil analisis kapanggih 10 sifat métafisik, nya éta pikasieuneun, *tragis*, ketir, kaduhung, *renungan*, suci, hook, kahariwang, kapaur, jeung sifat panceg.

Hasil panalungtikan puisi pupujian di Désa Tigahérang Kacamatan Rajadésa Kabupatén Ciamis, bisa dijadikeun bahan pangajaran aprésiasi sastra di SMP Kelas VII saluyu jeung kritéria bahan ajar anu geus ditangtukeun, sarta luyu jeung KIKD tingkat SMP/MTs Kelas VII.

5.2 Saran

Ku ayana panalungtikan kana karya sastra Sunda dina wangun pupujian miboga mangpaat nu kacida pentingna. Ku ayana panalungtikan kana karya sastra Sunda bisa apal kana ajén-inajén anu ditepikeun sarta nambahan pangaweruh pikeun kahirupan. Dumasar kana éta hal, aya sababaraha saran anu perlu ditepikeun.

1) Pikeun Siswa

Pikeun siswa, hususna siswa di SMP kelas VII anu aya matéri pangajaran pupujian sakuduna wanoh jeung maham kana matéri pupujian. Ku kituna perlu ayana tarékah pikeun néangan jeung neuleuman informasi atawa *referensi* ngeunaan pupujian, sangkan ajén-inajén bebeneran tina puisi pupujian nu diajarkeun di sakola bisa kacangking ku siswa.

2) Pikeun Guru

Pikeun guru mata pangajaran basa Sunda, utamana dina milih bahan pangajaran pikeun ditepikeun ka siswa sakuduna bisa *bervariasi*, ulah luyu pisan jeung bahan nu aya dina buku sumber. Guru sakuduna motékar pikeun néangan rupa-rupa bahan pangajaran sangkan siswa diajar basa Sunda teu matak pikaboseneun. Bahan pangajaran nu ditepikeun ka siswa leuwih alus saupama méré conto anu aya di masarakat, sangkan siswa leuwih gampang maham jeung apal kana karya sastra Sunda anu aya di sabudeureunana.

3) Pikeun Panalungtik Satuluyna

Ieu panalungtikan dipuseurkeun kana kagiatan invéntarisir, klasifikasi, nganalisis wangun jeung eusi puisi pupujian di Désa Tigahérang Kacamatan Rajadésa Kabupatén Ciamis. Ku kituna, perlu dilakukeun panalungtikan anu leuwih lega tur nyosok jero, lain ngan ukur wangun jeung eusi wungkul, tapi ditambahan kajian sémiotik, klasifikasi wirahma, sarta analisis wirahma lagu pupujian nepi ka bisa ngawujud *tangga nada* dina tiap pupujian. Bakal leuwih alus ogé saupama bisa nyieun média, boh dina wangun *audio*, *visual*, atawa *audio-visual* tina puisi pupujian nu ditalungtik pikeun média pangajaran di sakola.